



ORANGE TOWNSHIP PUBLIC SCHOOLS

451 Lincoln Avenue
Orange, New Jersey 07050
Tel: (973) 677-4015 Fax: (973) 677-0486
Website:<http://www.orange.k12.nj.us>

Ronald Lee
Superintendent of Schools

Candace Goldstein
Director of Special Programs

Lekòl Distri Oranj Akò ki Aseptab pou Itilize Entènèt

(Silvouplè li dokiman sa a avèk swen avan ou siyen e retounen paj 4 e 5).

Tout elèv avèk pwofesè gen aksè a entènèt la nan Distri Lekòl Oranj la.

Nou vrèman pran plezi pou bay aksè sa a a Distri Lekòl Oranj la e kwè ke Entènèt lsa ofri anpil resous inik ni a elèv yo e a pwofesè yo. Objektiv nou pou nou ofri sèvis sa a a elèv yo e a pwofesè yo se pou nou leve ekselans nan edikasyon nan lekòl nou yo pou nou fè pataje resous, inovasyon e komunikasyon pi fasil.

Entènèt la se yon otowout ki konekte anpil òdinatè toupatou nan le mond e anpil moun ki abònè sèvis sa a. Elèv a pwofesè gen aksè a:

- 1) Kominikasyon kourye elektwonik (i-mèl) avèk tout moun toupatou nan le mond.
- 2) Enfòmasyon avèk nouvèl ki sòti NASA, pa ekzamp, avèk opòtinite pou pale avèk syantis NASA yo avèk lòt enstitisyon kifè rechèch.
- 3) Lojisyl (« Software ») avèk grafik ki nan domèn piblik la pou tout kalite fason lekòl yo ka itilize yo.
- 4) Tout kalite gwooup de diskisyon sou plizyè sijè sòti depi nan diferan kilti ale nan anviwònman an pou rive nan mizik al politik.
- 5) Aksè a plizyè Katalòg Librèri Inivèsite yo, Librèri Kongrè, e ERIC, yon gran koleksyon enfòmasyon pou edikatè avèk elèv.
- 6) Aksè grafik pou « World Wide Web » la, zouti ki pi novo e ki pi sansasyonèl ki genyen sou Entènèt la.

Avèk aksè a òdinatè e tout moun toupatou nan le mond, ap gen materyèl ki pa gen anyen pou wè avèk edikasyon andedan lekòl yo. Distri Lekòl Oranj la gentan pran prekosyon pou kontwole materyèl sa yo. Men, nan yon chèn (« network ») ki global, li enposib pou kontwole tout materyèl e yon moun ki ka itilize li byen ka dekouvri enfòmasyon sa yo. Nou menm (Distri Lekòl Oranj la) vrèman kwè ke enfòmasyon valab avèk entèraksyon ki genyen sou chèn global sa a gen plis valè ke posiblite ke yon moun ka jwenn materyèl ki pa dakò avèk objektif edikasyonèl Distri a.

Aksè a entènèt la kontwole pa yon asosyasyon de ajans gouvènman, chèn leta avèk rejjyon ki konplèks. Anplis, pou byen opere chèn sa a, fò moun kap itilize li yo respekte kèk lwa. Nou gen lwa sa yo la a pou ka konnen responsabilite ou. An jeneral, nou bezwen moun kap itilize resous ki gen nan chèn

sa yo pou fè sa byen legalman. Si yon moun nan Distri Lekòl Oranj la vyole kenpòt nan pwovizyon sa yo, moun sa a pap kapab gen aksè avèk nou ankò.

Sinyati ki nan fen dokiman sa legal e endike ke moun ki siyen li gentan li e konprann tout bagay.

Entènèt—Tèm avèk Kondisyon pou Itilize li

1) Itilizasyon ki Aseptab – Rezon kifè chèn sa yo fè pati Entènèt la se pou sipòte rechèch avèk edikasyon nan e pamì enstitisyon akademik yo pou yo ka bay aksè a resous sa yo ke moun paka jwenn lòt kote e opòtinite pou travay ansanm. Jan ou itilize aksè sa ou genyen an dwe sipòte edikasyon avèk rechèch epi fò li konsistan avèk objektiv edikasyonèl Distri Lekòl Oranj la. Jan ou itilize chèn òganizasyon ou byen resous yo dwe mache avèk règ chèn sa yo. Tranzmisyon kenpòt materyèl ki an vyolasyon règ nasyonal ou leta pa pèmi. Sa inkli, men pa rete nan: materyèl ou pa gen pèmisyón pou kopye (« copyrighted material »), materyèl ki menasan ou byen ki sal, materyèl ki pwoteje pa sekrè komèsyal.

2) Privilèj – Itilize Entènèt la se yon privilèj, se pa yon dwa, e si ou pa itilize li byen, ou va pèdi privilèj sa a. (Chak élèv ou pwofesè ki resevwa sèvis sa ap fè pati de yon diskisyon avèk yon travayè nan Distri Lekòl Oranj la sou kòman pou itilize chèn sa a byen.) « IT Management » ap deside kisa ki apwopriye e disizyon yo final. Epitou, « IT Management » ka fèmen aksè kenpòt moun kenpòt lè yo vle. Administrasyon, fakilte, e travayè nan Distri Lekòl Oranj la ka mande « IT Management » pou yo pa bay, revoke, ou sispann kenpòt moun pou itilize li.

3) Etikèt pou Chèn la – Nou mande ou pou swiv règleman jeneral sa yo pou etikèt chèn la. Sa yo genyen (men pa limite) a:

- a) Itilize politès. Ou pa bezwen abize lòt moun avèk mesaj ou yo.
- b) Itilize langaj ki apwopriye. Pa fè sèman, pa itilize move mo ou byen kenpòt langaj ki pa apwopriye.
- c) Pa fè aktivite ilegal.
- d) Pa revele adrès pèsonèl ou ou byen nimewo telefòn élèv ou byen kòlèg ou yo.
- e) Note ke kourye elektwonik (i-mèl) pa garanti ke lap prive. Moun ki opere systèm nan gen aksè a tout kourye. Mesaj ki gen rapò ou sipòte aktivite ilegal ka rive nan men lapolis.
- f) Pa itilize chèn nan nan yon jan ki kafè lòt moun moun paka itilize li.
- g) Tout komunikasyon avèk enfòmasyon ki gen aksè a chèn se pwopriyete prive nou.


4) Distri Lekòl Oranj la pa fè okenn garanti pou sèvis li ofri a. Distri Lekòl Oranj la pap responsab pou pyès enfòmasyon ou pèdi ou byen delivri ki pa fèt. Ka gen entèripsyón nan sèvis, ka gen erè ki fèt, nou pa responsab. Kenpòt enfòmasyon ou jwenn sou entènèt la, yo se zafè pa ou. Distri Lekòl Oranj la nye kenpòt responsabilite pou kenpòt enfòmasyon ou jwenn nan sèvis nou ofri a.

5) Sekirite – Sekirite sou kenpòt systèm òdinatè se yon gran priyorite, espesyalman lè systèm nan gen plizyè moun kap itilize li. Si ou santi ou ka idantifye yon pwoblèm de sekirite sou Entènèt la, ou dwe di sa a « IT Management » ou byen Koòdinatè Teknoloji ki nan lekòl ou a. Pa montre lòt moun pwoblèm la. Pa itilize dosye (« account ») lòt moun si ou pa gen pèmisyón an ekri. Kenpòt lè ou eseye itilize Entènèt la kòm yon system administrator, ou va pèdi privilèj ou. Kenpòt moun kap itilize Entènèt la ki gen anpil pwoblèm sekirite avèk lòt systèm òdinatè ka pèdi privilèj yo pou yo gen aksè a Entènèt la.

6) « **Vandalism** » – Rezulta « vandalism » se pèdi privilèj ou. Definisyón « vandalism » se kenpòt lè ou eseye kraze ou detwi enfòmasyon lòt moun kap itilize Entènèt la ou byen kenpòt lòt ajansi nou mansyone anlè yo ou byen lòt chèn ki konekte a Entènèt la. Sa inkli, men li pa limite a, kreye ou byen mete viris sou òdinatè yo.

Distri Lekòl Akò ki Aseptab pou Itilize Entènèt

Mwen konprann e map obeyi a Akò ki Aseptab pou Itilize Entènèt sa a. Mwen konprann tou ke kenpòt vyolasyon règleman sa yo pa swiv règ etik e kapab yon ofans kriminèl. Si mwen fè kenpòt nan vyolasyon sa yo , aksè privilèj mwen yo kapab revoke, e lekòl la ka pran disiplin sou mwen ou byen aksyon legal.



Orange Board of Education

Akò pou Dosye (« Account ») Elèv

Seksyon Elèv

Non Elèv (*Prente Silvouplè*) _____
NON _____ PRENON _____

Lekòl _____ Ane _____

Mwen li **Akò ki Aseptab pou Itilize Entènèt**. Mwen dakò pou mwen swiv règleman yo ki nan **Lwa** sa a. Mwen konprann ke si mwen vyole règleman sa yo, dosye mwen an ap pran fen e mwen ka fè fas a mezi disiplin.

Sinyati Elèv _____ Dat _____

Seksyon Paran/Gadyen

Mwen li **Akò ki Aseptab pou Itilize Entènèt**. Map sipèvize kòman ptit mwen an itilize systèm nan lè ptit mwen an pran aksè lakay la.

Mwen lage **Distri** a, pèsonèl, e kenpòt enstisyon ki afilye avè li, de domaj ou revandikasyon ki ka rive si ptit mwen itilize, ou pa itilize li byen, systèm **Distri** a, enkli, men pa limite a revandikasyon ki ka rive si systèm itilize pou achte pwodwi ou byen sèvis.

Map enstwi ptit mwen pou yo pa pran aksè a kenpòt materyèl avèk tout restriksyon ki nan **Akò ki Aseptab pou Itilize Entènèt**. Map pale a ptit mwen an sou enpòtans pou swiv règleman pou sekirite pèsonèl yo.

Mwen bay pèmisyon pou ofri yon dosye (« account ») pou ptit mwen an e sètifye ke enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a kòrèk.

Mwen- [] aprouve [] pa aprouve – pou etabli yon « login account » pou ptit mwen an.


Adrès _____ Telefòn _____

Non Paran/Gadyen (*Prente Silvouplè*) _____

Sinyati Paran/Gadyen _____

Espas sa a rezèsve pou « IT Management »

Assigned User Name: _____ Assigned Temporary Password: _____



LEKÒL PIBLIK ORANJ YO

Oranj, NJ 07079

Parant/Gadyen « Release Form »

Nap voye release form sa a pou enfòme ou e mande ou pèmisyon pou mete foto/video ou byen lòt imaj e enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye pitit ou a pou pibliye to distri e/ou byen lekòl wèbsit la epi sou distri Vil lekòl/Oranj chanèl kab ki sou televizyon. Enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye pitit ou a enkli non elèv yo, foto/video ou byen lòt imaj, e repòtaj evènman kap pase lekòl yo.

Tcheke yon nan chwa sa yo:

- Mwen/Nou BAY pèmisyon pou foto/video ou byen lòt imaj e non pitit mwen an pou pibliye sou lekòl e/ou distri Entènèt la ki publik epi sou distri Vil lekòl/Oranj chanèl kab ki sou televizyon.

- Mwen/Nou PA BAY pèmisyon pou foto/video ou byen lòt imaj e non pitit mwen an pou pibliye sou lekòl e/ou distri Entènèt la ki publik epi sou distri Vil lekòl/Oranj chanèl kab ki sou televizyon.

Non Elèv: (Prente Silvouplè)

Ane Elèv la: _____

Non Paran/Gadyen: (prente)

Sinyati Paran/Gadyen: (siyen)

Sa ou ye pou elèl la:

Dat: _____